Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Оьрсийчоьне дІавала кхерам латтарна Австрерчу набахтехь мацалла кхайкхийна Нохчийчуьра вахархочо

Товбеца-бутт 22, 2026




Кагирманов Ильяс

Нохчийчуьра схьаваьллачу Кагирманов Ильяса (кхечу хаамашца Кагерманов йу цуьнан фамили) мацалла кхайкхийна Австрерчу цхьана набахтехь, шена Оьрсийчоьне дІавала кхерам хиларна. МухІажарийн статус йаккха гІерташ вара иза, Украинерчу тІаме ца ваха дагахь.

Цу хьолах лаьцна хаам бина "ГІалгІайчоьнан маршонан Комитето", бакъонашларъйархочунна Дунаева Розина тІе а тевжаш. Дийцарехь, кхо шо хьалха Австре кхаьчна 29 шо долу Кагирманов, шозза дуьхьало йина хилла цунна тховкІело ца йала. Товбеца-беттан 11-чу дийнахь иза лецира, экстрадици йан Іалашонца аэропорте дІа а вуьгуш.

"Іуьйранна сатосучу хенахь дІавигинера иза, кхин аьлла хІума а доцуш, адвокате вистхила таро ца луш, йа сацамна дуьхьал латкъам а ца бойтуш", -билгалдоккху Дунаевас.

Цо бахарехь, аэропортехь цІеххьана могушалла телхинера Кагирмановн, цул тІаьхьа кеманхой реза ца хиллера иза кемана чу хаон.

Цул тІаьхьа Нохчийчоьнан вахархочо бакъонашларйархойн гІоьнца йуха а дехар динера мухІажаран статус шена йоьхуш. Амма хІетте а кхело набахте хьажийна иза, миграцин хьукмато цхьа сацам баллалц.

Кагирмановн да-нана Нохчийчохь ду. Иза цІера валлачул тІаьхьа масийттаза баьхкинера иза хьаттина полисхой, билгладоккху "ГІалгІайн марошонан Комитето".

Бакъонашларйархоша а, вайнехан диаспоро а тоххара а акци хІоттийра Венехь, лаьцначунна гІортор йеш.

- Мангал-баттахь диаспорера жигархоша митинг хІоттийра Финляндин векалтана хьалха. Цара кхайкхам бира оцу пачхьалкхан Іедлалшка, Къилбаседа Кавказера мухІажарш Оьрсийчоьне дІа ма лахьара, цигахь царна тІехь ницкъбан тарло аьлла.
- Литван Іедалхоша шайн махкара араваьккхира Нохчийчуьра цхьа вахархо, мухІажаран статус дІайахйайта вахча, дуьхьало а йина. 20 шо сов хан хиллера иза цу пачхьалкхехь вехаш волу.
- Хорватига тховкІело йоьхуш хилла Кутин гІалара центрера мел лахара а 20 стаг дарбанан цІийне кхачийнера цхьана хІуманах дІавш даьлла товбеца-беттан 13-чу суьйранна. И хаамбира бакъонашларйархочо Дунаева Розас. Цуьнан зеращца, оцу куьпахь бехаш хилла дукхахберш-нохчийн доьзалш бу, шайн Іедалхой тІаьхьабовларна а, бертаза Украинана дуьхьал тІом бан хьийсорна а кхоьруш, Оьрсийчуьра схьабаьхкина хилла

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю